

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Fungsi basa anu utama téh nya éta pikeun komunikasi antar-papada jalma dina campur-gaul kahirupan sapopoéna. Ku ayana basa, manusa bisa komunikasi jeung manusa séjénna. Basa téh mangrupa alat anu dipaké ku manusa pikeun ngébréhkeun kereteg haténa, pikeun nepikeun ide-idená, jeung pikeun nepikeun pamaksudan anu lian, boh ngaliwatan lisan, boh tulisan. Ari basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antara anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2004, kc. 1).

Kagunaan utama basa téh jadi alat campur gaul atawa komunikasi masarakat manusa. Minangka médium komunikasi, basa téh bisa lisan bisa tulisan. Komunikasi basa lisan dipilampah maké lambang sora basa (omongan), ari komunikasi basa tulisan dipilampah maké lambang sora. Dina élmu kabasaan, aya istilah hiérarki basa. Hiérarki basa téh nya éta panta-panta, umpakan-umpakan, atawa tingkatan-tingkatan basa tina unsur anu pangleutikna nepi ka unsur anu panggedéna. Demi kecap, nya éta disebut unsur basa anu pangleutikna, ari unsur-unsur lianna nya éta aya klausa jeung frasa. Ieu unsur basa téh mangrupa gabungan anu ngawangun unsur basa nu leuwih lega, nya éta kalimah.

Basa mibanda adegan jeung cara makéna. Adegan basa dipatalikeun kana makéna basa, boh lisan (nyarita jeung ngaregepkeun) boh tulisan (nulis jeung maca), ku kaédah husus anu disebut pragmatik (Sudaryat spk., 2013, kc. 10). Pragmatik mangrupa dahan linguistik anu maluruh ngeunaan kumaha basa digunakeun dina komunikasi ogé salaku ulikan ngeunaan ma'na dina hubungana jeung situasi-situasi ucapan atawa omongan (*speech situation*) (Leech dina Ulfah, 2015, kc. 1). Kaédah pragmatik dipaké geusan nangtukeun luyu henteuna adegan basa jeung makéna basa dina hiji kontéks situasi, nangtukeun bener jeung merenah henteuna komunikasi basa. Pragmatik ngalibetkeun unsur basa pangjembarna nu disebut wacana. Dumasar

Fanni Rahma Vanessa, 2016

WANDA KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É.:

Ulikan Struktur jeung Pragmatik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

wanda kalimah anu aya dina wacana, aya opat rupa kalimah, nya éta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah

éksprésif, jeung kalimah asértif. Sangkan leuwih museur ieu panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif dina wacana. Kalimah éksprésif nya éta kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun cumeluk atawa sora bituna rasa.

Kalimah dipaké pikeun komunikasi, pikeun ngébréhkeun ide-ide, gagasan, atawa naon-naon anu aya dina pikiran. Kalimah téh ngandung naon-naon anu ditétélakeun, diébréhkeun, jeung dipikahayang ku panyaturna sangkan aya réspon ti pamiarsa. Ku sabab omongan ti panyatur nangtukeun pesen anu rék ditepikeun ka pamiarsa, sangkan jadi amanat tur timbal balik ti pamiarsa ka panyatur. Dina hirup kumbuhna, teu saeutik panyatur basa Sunda anu hésé maham kana maksud anu rék ditepikeun boh lisan boh tulisan. Ku kituna, ieu panalungtikan mangrupa salasahiji tarékah pikeun nungkulán kateupahaman panyatur dina komunikasi sapopoé sarta pikeun nambahán pangaweruh katatabasaan, ieu panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif dina novél *Kembang-Kembang Petingan* anu dijerona loba wujud pragmatis cumeluk jeung sora bituna rasa anu kaasup kana ma'na kalimah éksprésif.

Panalungtikan anu patali jeung adegan pragmatis kalimah kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé, “Adegan Pragmatis Kalimah Pananya dina Naskah Drama Sunda Karangan Siswa Kelas XII IPA SMA Negeri 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis Taun Ajaran 2010-2011” ku Endhang Mardhayanty, 2011. “Analisis Kalimah Pragmatis dina Naskah Drama Budah Si Narko Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Septiadi Angga Yuda, 2012. “Kalimah Impositif dina Novél Baruang Ka Nu Ngarora Karangan D.K. Ardiwinata (Tilikan Adegan, Ma’na, jeung Maksim Kasopanan)” ku Rahmalia Ulfah, 2015. Lian ti éta, objék panalungtikan novél Kembang-Kembang Petingan karya Holisoh M.É. kungsi dilaksanakeun saméméhna nya éta “Harti Injeuman dina Novél Kembang-Kembang Petingan karya Holisoh M.É.” ku Rike Riesdiani, 2008.

Panalungtikan di luhur miboga sasaraan nya éta medar ngeunaan ma'na jeung adegan pragmatis kalimah. Bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nya

Fanni Rahma Vanessa, 2016

WANDA KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINÁ NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É.:

Ulikan Struktur jeung Pragmatik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éta ieu panalungtikan henteu saukur nganalisis ma'na jeung adegan pragmatis kalimah wungkul, tapi ogé jeung analisis struktur kalimah éksprésif dina wacana/omongan sacara husus dina objék anu bédha nya éta novél *Kembang-Kembang Petingan*. Anapon panalungtikan saméméhna aya nu ngagunakeun objék anu sarua nya éta novél *Kembang-Kembang Petingan* tapi dina analisisna bédha. Panalungtikan saméméhna nalungtik ngeunaan harti injeuman, sedengkeun panalungtikan anu baris dilaksanakeun nya éta nalungtik wujud pragmatis jeung struktur kalimah éksprésif anu kapanggih dina novél *Kembang-Kembang Petingan*.

Dumasar kana masalah di luhur, yén panalungtikan ngeunaan kalimah éksprésif anu sacara husus can kungsi aya. Ku kituna, ieu panalungtikan kalayan judul “*Wanda Kalimah Éksprésif dina Novél Kembang-Kembang Petingan Karya Holisoh M.É. (Ulikan Sktruktur jeung Pragmatis)*”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

1. Kalimah éksprésif naon waé anu kapanggih dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.?
2. Kumaha struktur kalimah éksprésif dina éta novél?
3. Kumaha ma'na kalimah éksprésif anu aya dina éta novél?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah nu dipedar di luhur, tujuan umum tina ieu panalungtikan, nya éta pikeun maluruh kalimah éksprésif, struktur, wujud, jeung fungsi anu aya dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun :

1. Kalimah eksprésif anu kapanggih dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.;
2. Struktur kalimah eksprésif dina éta novél; sarta
3. Ma'na kalimah eksprésif anu aya dina éta novél.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Dumasar kana euyeubna ambahan tata wacana, panulis baris museurkeun panalungtikan kana wujudiah wacana anu nyoko kana wanda kalimah eksprésif. Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kapragmatisan kalimah eskprésif, struktur kalimah eskprésif, jeung ma'na kalimah eksprésif anu aya dina salasahiji karya sastra nya éta novél.

1.4.2 Mangpaat Praktis

1. Pikeun Panulis

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa jadi data pribadi ngeunaan déskripsi kalimah eksprésif, struktur kalimah eksprésif, jeung ma'na kalimah eskprésif anu aya dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. anu engkéna bisa dipaké pikeun ngahirup-huripkeun basa, sastra, katut budaya Sunda.

2. Pikeun Panalungtik Séjén

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan saterusna anu aya patalina jeung kapragmatisan kalimah.

3. Pikeun Guru

Ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan matéri pikeun pangajaran kalimah.

4. Pikeun nu Maca

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep sangkan pamaca bisa apal kana harti kalimah eksprésif, struktur kalimah eksprésif, jeung ma'na kalimah eskprésif anu aya dina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. Lian ti éta, ogé sangkan nambahán pangaweruh ngeunaan wangun tata basa Sunda nya éta kalimah eskprésif, sarta ngalarapkeunana dina kahirupan sapopoé nalika ngedalkeun sora bituna rasa.

1.5 Sistematika Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab.

Bab I mangrupa tahap bubuka atawa tahap munggaran dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II mangrupa bab anu eusina ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtikan. Tiori anu dipedar nya éta ngeunaan tiori kapragmatisan kalimah dina wacana, kalimah éksprésif, struktur jeung ma'na pragmatisna.

Bab III mangrupa bab anu eusina ngeunaan métode panalungtikan. Ieu bab mangrupa dadasarna pikeun nyusun bab IV, lantaran dina nyusun bab IV, kudu aya dadasar atawa stratégi pikeun ngaréngsékeun pasualan anu aya dina ieu panalungtikan. Dina bab III eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV mangrupa bab anu inti dina ieu panalungtikan, lantaran dina ieu bab didéskripsiéun hasil panalungtikan jeung pedaranana. Dina ieu bab bakal dipedar sacara gembleng hasil tina ngolah atawa analisis data dina panalungtikan. Ku kituna, hasil jeung pedaran tina panalungtikan bakal katitén dina ieu bab.

Bab V mangrupa bab anu eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa mere mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku panulis ka pamaca.